

Transpòtasyon nan Lokal Vaksinasyon COVID-19

Mas 2021



Kounye a gen plis opsyon transpòtasyon pou rezidan Maine yo ki bezwen yon woulib pou ale ak retounen nan yon randevou vaksinasyon COVID-19. Transpòtasyon gratis disponib pou moun ki pa gen aksè avèk transpòtasyon fyab, ki pa ka kondwi, oswa ki otreman pa ka vwayaje pou ale nan randevou yo.

Opsyon Transpòtasyon

Transpòtasyon Non-Ijans MaineCare

Si ou se yon manm MaineCare ki deja itilize yon koutye transpòtasyon Non-Ijans pou òganize pakou nan sèvis ou ki kouvri nan MaineCare, ou ta dwe rele [menm koutye sa a](#) pou jwenn yon woulib pou ale nan randevou vaksinasyon w. Ou dwe pwograme randevou vaksen w anvan ou mande yon woulib nan omwen 48 èdtan anvan randevou pwograme w la.

Transpòtasyon Vaksen ModivCare

Opsyon sa a disponib pou rezidan Maine yo ki pa gen aksè avèk transpòtasyon fyab, sa ki gen ladan manm MaineCare yo ki pa kalifye pou itilize Transpòtasyon Non-Ijans.

Trajè yo disponib pou randevou vaksen yo kap fèt ant èdtan 7:00 a.m. ak 4:00 p.m. Lendi jiska Samedi. Ou dwe pwograme randevou vaksinasyon w anvan ou mande yon woulib. Pou pwograme yon woulib, rele Modivcare nan **1-855-608-5172** nan omwen 48 èdtan anvan randevou w ki pwograme a.

Tanpri remake yo pa ka bay transpòtasyon nan sit vaksinasyon sou volan yo.

Prepare pou Woulib ou

Si ou pral itilize nenpòt nan opsyon transpòtasyon sa yo, tanpri kenbe nan lespri w bagay ki annaprè yo:

- Lè ou rele pou rezève yon woulib, ou pral bezwen pou bay dat ak lè randevou vaksinasyon ou an ak non, adrès, ak nimewo telefòn etablisman kote ou pral resevwa vaksinasyon an.
- Yo pral bay woulib yo pou ale ak retounen nan randevou w.
- Sa yo kapab woulib pataje kidonk DHHS kapab bay tout moun ki bezwen transpòtasyon.
- Mask pou figi ap obligatwa.
- Wap bezwen pou disponib pou yo vin chèche w pou randevou w la nan 30 minit anvan pou rive 15 minit apre lè ki pwograme pou retounen an.
- Chofè w pral depoze w, e li pral vin chèche w nan apeprè 60 minit apre lè randevou w la kòmanse.
- Wap resevwa yon koutfil nan jou anvan randevou w la pou fè w sonje rezèvasyon transpòtasyon w lan.

Pou w aprann plis sou pwograme yon randevou vaksinasyon, vizite www.maine.gov/covid19/vaccines/vaccination-sites oswa rele Lij Vaksinasyon Kominotè COVID-19 Maine nan 1-888-445-4111. (Pou sèvis entèprèt, di lang ou lè yo reponn apèl la. Moun ki soud oswa ki gen difikilte pou tande kapab konpoze 711 epi mande pou yo konekte yo nan 1-888-445-4111.)

Pou mande dokiman sa a nan yon lòt fòm, rele (207) 287-5014. Kliyan ki soud oswa ki gen difikilte pou tande, tanpri rele 711 (Relè Maine) oswa imèl ADA-Civilrights.dhhs@mame.gov